

Kijan mwen ka jwenn sèvis ABA yo pou pitit mwen an?

Kisa ABA ye?

Analiz Konpòtmantal Aplike (ABA) se yon seri prensip ki ka ede ankouraje devlopman konpetans—jesyon konpòtman, aprantisaj sosyo-emosyonèl ak sansibilizasyon ak sekirite—kay timoun ki gen diferans nan devlopman. ABA se yon eleman nan Sèvis Sante Konpòtmantal Entansif (IBHS) nan Pennsilvani. Pou pitit ou an kalifye, li dwe gen yon dyagnostik Twoub Espèk Otis (TSA).

Gen diferan modèl pou bay sèvis ABA yo:

- **Baze adomisil** – Founisè ABA a ale wè pitit ou a lakay li oswa nan yon anviwònman kominotè
- **Baze nan sant lan** – Pitit ou a ale nan yon sant founisè ABA a jere
- **Telesante** – Sèvis vityèl

Kiyès ki garanti sèvis ABA yo?

- **Sèvis Edikasyon Espesyal yo.** Pou resevwa sèvis ABA nan yon anviwònman edikasyon, pale ak ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) pitit ou a sou pwosesis pou entegre sèvis sante konpòtmantal nan IEP pitit ou a.
- **Asirans Sante Mantal.** Pou pitit ou a resevwa sèvis ABA atravè asirans sante mantal li, li dwe gen yon dyagnostik Twoub Espèk Otis (TSA).

Kijan m ka fè pou m fè yon evalyasyon ABA pou pitit mwen an?

Gen twa pwen depa pou fè evalye pitit ou a pou sèvis ABA anba asirans sante mantal li a.

Opsyon 1: Kòmanse avèk asirans sante mantal pitit ou a.

- **Kontakte sèvis pou manm yo.** Rele nimewo sèvis sante mantal ki sou do kat asirans pitit ou a. Pou timoun ki bezwen asistans medikal (Medicaid), rele Community Behavioral Health (Sante Konpòtmantal Kominotè) (CBH) nan 888-545-2600.
- **Pran yon randevou pou yon evalyasyon ABA.** Mande sèvis pou manm yo pou ede w pwograme yon evalyasyon avèk yon ajans ki fè evalyasyon ABA. Yo gendwa mande w pou w chwazi nan yon lis founisè ki nan rezo a.

Opsyon 2: Kòmanse avèk yon founisè ABA.

- **Jwenn yon founisè ABA.** Ale nan anyè founisè yo sou sit entènèt asirans sante mantal pitit ou a. Pou timoun ki gen asistans medikal (Medicaid), vizite <https://cbhphilly.org/members/provider-directory> epi chèche selon Facility Type: IBHS – Applied Behavioral Analysis (ABA) (Kalite Etablisman: IBHS – Konpòtmantal Aplike Analiz (ABA)). Ou kapab chèche founisè tou nan abainpa.com/directory.
- **Pran yon randevou pou yon evalyasyon ABA.** Kontakte yon founisè ABA ki nan rezo a epi mande pou pran yon randevou pou sèvis ABA yo.

**Opsyon 3: Kòmanse avèk founisè swen sante ki te dyagnostike pitit ou a.**

1. **Jwenn yon Òdonans Alekri.** Si pitit ou a gen yon dyagnostik Twoub Espèk Otis (TSA) epi li gen asistans medikal (Medicaid), mande founisè ki te dyagnostike pitit ou a pou l voye yon lòd alekri pou ABA nan imèl bay Community Behavioral Health (Sante Konpòtmantal Kominotè) (CBH). cbh.clinicalrequests@phila.gov.
2. **Konfime Nesesite Medikal la.** CBH pral revize òdonans la pou nesesite medikal epi si li apwouve, y ap refere w bay yon founisè ABA pou evalyasyon pou detèmine bezwen presi pitit ou a.
3. **Pran yon randevou pou yon evalyasyon ABA.** Founisè ABA a ta dwe kontakte ou pou pwograme yon evalyasyon epi rekòmande sèvis yo. Mande CBH pou enfòmasyon kontak founisè ABA lokal la, si sa nesesè.